Simon : Aku ya rung tau wanuh coba ditakoni wae. Kisanak katemben menika kula pinanggih kaliyan panjenengan. Panjenengan menika saking pundi?

Yesus : Rahayu wong kang resik atine jer iku kang andarbeni kratoning swarga. Mengko ta kisanak katelune. Sakdurunge aku mangsuli pitakonmu. Aku kepingin takon. Apa bener lamun Sira kabeh kang ndarbeni prau-prau iki?

Simon : Inggih kisanak. Paduka menika sinten? Katepangna kula pun Simon, kula ingkang nggadhahi prau ing sisih kilen manika. Dene ingkang mapan ing sawuri kula menika rencang kula Yohanes saha Yakobus.

Yohanes : Inggih kisanak katepangna kula Yohanes putranipun rama Zebedeus.

Yakobus : Kula Yakobus, kula kapernah sedherekipun sepuh kaliyan adhi kula Yohanes.

Yesus : Sedulur-sedulurku kabeh padha ditepungngake lamun aku Yesus saka tlatah Nazareth.

- Yakobus : O . . . dados paduka menika Sang Guru Yesus saking Kitha Nazaret.
- Yohanes : Wadhuh beja kemayangan Guru, kula sakanca saged pinanggih kaliyan paduka.
- Simon : Inggih leres aturipun adhi kula menika, kula mboten nyana saged pinanggih kaliyan Sang Guru Agung. Lajeng wonten keparengipun menapa paduka manggihi kula sak rencang Guru?
- Yesus : Sumurupa, lakuku iki ijen tanpa rowang. Saupama aku darbe panjaluk marang sira kabeh sedulur-sedulurku iki, apa sira padha gelem minangkani?
- Simon : Kula aturi paring pangandika kisanak. Mbok menawi kula sakanca saged sabiyantu.
- Yohanes : Inggih Kisanak menapa ingkang saged kula bantu.
- Yesus : Aku kepengin numpak prahu, ngresep endahing sesawangan ing tlaga genesaret kene. Kepiye simon? Apa kowe nglilani aku melu bebarengan ana sajroning prahumu?
- Simon : Menawi namung menika ingkang dados keparengipun kisanak, kula sagah. Mangga kisanak kula aturi mapan ing sajroning prahu. Kisanak

*Iringan Srepeg Gantungan, Yesus lan simon masuk ke perahu, lalu perahu berlayar. Sajroning prahu:*

- Yesus : Simon. Awake dhewe iki mapan ing pinggiring telaga. Apa ora luwih becik, lamun prahu iki enerna manengah gawanen ing papan kang luwih jero banyune, banjur tibakna jalamu, supaya kowe bisa njaring iwak.
- Simon : Dhuh sang Guru. Kula menika sakanca sampun sedalu muput anggenipun sami nyambut damel. Nanging boten angsal menapa-menapa. Kula sarencang menika pamisaya mina, ngertos watak wantunipun para mina, kawuningana mina-mina menika langkung gampil kajala ing wayah dalu. Kamangka sakmenika ing wanci siang, kados-kados mokal lamun badhe angsal damel. Namun karena Paduka ingkang paring dhawuh, supados kula nindakaken hanjala malih, kula badhe ngestokaken dhawuh paduka. “E kanca... dhawuhe sang guru awake dhewe supaya miwiti njala maneh dene tumibaning jala amililihi papan kang jero banyune.., o, ngono, yen iki sing dhawuh Guru, ayo pada samapta..tibakna jalamu..”

Pocapan

Kacarita. Simon Petrus sigra ngestokaken dhawuhing Gusti Yesus, kang satuhu sariraning Allah pribadi. Mangkana kanthi gumolonging tekat kang wus nyawiji, Simon Petrus sapri kanca agahan denira andhawahaken jala. Sanadyan wus jinala marambah makaping-kaping sanyata suwung tan ana mina kang keksi, Eling-eling mituhu pangandikanira sang Sabda jati... Apa kang sinabda dadi.. temah sewu tan nyanani lamun keh mina kang kapikut ing jejaring, katiganira satemah bangkit amet mina tan kena winilang. Panebaring jalanira kawawa mikut mina tanpa winilis nganti kaya kuwawa njebol-nejebolna ponang jala, awit kebegan mina pating karelap, pating karogel mbalabar malapar ing jroning prahu nganti meh kerem kerema palwane.

*Simon membawa kayon lambang jala. Adegan Yesus, Yakobus, Yohanes, Simon tersungkur.*

*Geneping kang kaping pindho tresnanana sasamining dumadi, -O-*

- Simon : Dhuh Gusti. Pranyata paduka menika satunggiling pepethinganing tiyang Suci. Kula sadaya menika ewonipun tiyang dosa. Pramila Guru keparenga nebih saking kula sak kanca. Ngemuti bilih Kula sadaya menika sami tiyang dosa.
- Yohanes : Ora, Panjenengane iki sapa ta, dene bisa nangguh mangsa kala kang prayoga kanggo njala iwak.
- Yakobus : Iya dhi. Mangka arep mangkat ki aku wis diweling bojoku mengko yen mulih kon nukokke dasterl anyar. Lha entuk asil akehe kaya ngene ki, bojoku tak tukokne daster selusin. Aku gumun setahun njinggleng sak rendheng, ingatase ing wayah awan kok iwake padha gampang dijala, mangka wanci awan iku wayah iwak padha turu, iwak kuwi galake nek bengi, jan-jane panjenengane ki manungsa apa dudu ta?.
- Yohanes : Gek prahuku lan prahune Simon mau saka okehe iwak sing dimomot nganti arep kerem. Piyambake iki sapa ya? Mokal lamun menungsa lumrah nindaake kang kaya mangkono.
- Yesus : Sedulurku kabeh. Aja padha wedi. Padha gatekna Aku. Wiwit dina iki, kowe kabeh ora mung dak dadekake murid, nanging tak dadekake rasulku.

*Ada-ada Greget Saut Pelog Lima*

Sira iku sareming donya, aywa kongsi sira tawa, yen tawa tan migunani, bakale dibuang, dibuang eneng dalan, lan pidak-pidak yekti, -O-

- Yesus : Padha melua aku. Sabab wiwit dina iki sira kabeh ora bakal njaring iwak maneh. Sira bakal dadi juru pajaringing manungsa.

*Iringan Srepeg Kedu. Orang-orang sakit berdatangan. Yesus pergi diikuti Simon dan Yohanes.*

- Lumpuh : Dhuh Gusti. Kula menika nandhang lara lumpuh. Dereng wonten ingkang saged nyarasaken kula. Namung menawi Paduka ingkang ngersaaken, kula pitados badan kula pasthi saged saras.
- Yesus : Kakek, Aku gelem nyarasake kowe . Wiwit dina iki Warasa!!  
Mandi ucape Gusti Yesus.
- Lumpuh : Maturnuwun Gusti Maturnuwun, kula nyuwun pamit Gusti.
- Yesus : Sira balia marang wismanu. Nanging perkara iki aja dikandhaake marang sapa-sapa.
- Lumpuh : Inggih Gusti. Kula nyuwun pamit. Aku wis mari.. aku wis mari.  
*Orang lumpuh pergi.*
- Yohanes : Wah... wong lumpuh bisa mlaku meneh. Kae mlayu rono, mlayu rene, mlumpat mrono mlumpat mreng, wis isoh koprol.. Wee... malah mlebu luwang.
- Yesus : Yohanes, tutna laku jantraku.
- Yohanes : Nuwun inggih Guru.  
*Yesus pergi ketemu orang buta*
- Sarananing tentrem yekti, iku mapan jroning nala, -O-
- Yesus : Bapa. Apa kang bisa dak tindaake marang kowe?
- Wuta : Guru. Menawi kepareng. Supados kula saged nyumurupi gumelaring jagad. Menika karena kula nadhang wuta. Sareng paduka sang Guru Yesus rawuh, kula pitados menawi paduka kuwawa nyarasaken sesuker kula.
- Yesus : Ya Bapa. Dadia marang kowe yeku kaya dene imanmu. Sayektine imanmu wus nyarasake kowe.
- Mandi Ucape sang juru Pamarta. Dadya mari saknalika
- Wuta : Maturnuwun Gusti. Sakmenika kula sampun saras. Kula saged ningali. Lautan luas, gunung-gunung menjulang tinggi, burung-burung di udara. Bersama teman... berpetualang... Oo... jebul sindhen ki kaya ngene. Kula nyuwun pamit Gusti, ning kula nyuwun sangu ngge mantuk.
- Yohanes : Wong ya wis mari wuta, kok ya isih njaluk-njaluk.
- Wuta : Niku mpun profesi kula.
- Yohanes : Wis kana... mulih kana...

*Selingan Duga dan Prayoga, iringan lagu Penandhang iku Endah. Lagu selingan: Hidup Ini Adalah Kesempatan, Tuhan Bentengku, Bila Roh Allah Ada.*

*Adegan Yesus lan 12 murid, Ldr. Panglipur Jati.*

Yesus : Mengko ta sedulur-sedulurku kabeh. Aku bungah lamun sira sak kabehe saguh lan ndarbeni tekad dadi muridKu. Simon lan sedulurmu Andreas, Yakobus lan sedulurmu Yohanes, Filipus lan Bartolomeus, Thomas lan Matius, Yakobus anak alfeus lan Tadheus, Simon kang saka Selot lan yudas Iskariot.

-O-

Nihan siswa humatur maring, -O-

Risang maha yogi, -O-

Sang wipra kadiparan

Sabdaning Hyang Dipati -O-

Yogya saliring warna -O-

Kang gumelaring aneng bumi

Mugi ulun tedahna tandya sang wiku anjarwi.

Murid2 : Kula wonten dhawuh guru.

Yesus : Wiwit dina iki, sira cacah 12 dak dadekake utusanku. Sira dudu sak baening murid, nanging sira kabeh utusanKu.

Thomas : Lajeng menapa ingkang kedah kula sakanca tindaaken guru?

Yesus : Sira dak utus marang wedhus-wedhus kang murca saka bangsa Israel. Kandhakna marang wong akeh lamun Kratoning Allah wus cedhak. Marekna wong kang lara, luwarna sakabehing wong kang mapan sajroning penandhang. Tangekna wong kang wis mati.

Matius : Menapa kula sak kanca saged Guru. Kula menika namung titah sawantah ingkang winates budi lan dayanipun.

Yesus : Sejatine wiwit dina iki Pangaribawa lan tenagaku dak paringake marang kowe kabeh. Kowe bakal nindaake pakaryan kang dak tindaake. Aku ngutus kowe kaya dene wedhus ing satengahing asu ajag. Mulane kowe padha lantip lan ngati-ati kaya hambeging ula, lan bares atimu kaya hambeging dara. Akeh pawongan kang bakal midana lan milara kowe kabeh.

Simon : Menawi kula kapidana kados pundi.

Yesus : Pancen wis Kersaning rama lamun wong akeh bakal sengit lan gething marang kowe karana asmaKu. Nanging sapa kang setya bekti nganti wekasan, iku kang bakal nampa keselamatan. Aja pisan pisan kowe wedi marang kang kuwasa mateni raga. Nanging wedia marang kang kuwasa mateni jiwa lan raga ing neraka.

- Thomas : Kula ajrih gusti.
- Yesus : Apa kowe mangerteni manuk emprit thomas? Senadyan manuk emprit iku ora ana ajine, nanging siji wae ora ana kang tumiba ing lemah, lamun iku rama ing swarga ora ngersaake. Balik kowe, sakabehing rambut ing sirahmu iku kapetung dening Rama ing swarga. Mula aja padha wedi, marga ana ngersane Allah Rama, kowe kabeh iku luwih aji tinimbang manuk emprit. Pungkasaning piwelingku sak durunge kowe padha dak utus. Sing sapa ngakoni dadi muridKu ing ngareping umum, iya bakal dak akoni ana ngarsane sang Rama. Nanging sapa kang ora ngakoni Aku, uga ora bakal dak akoni ing Ngarsane Rama ing Suwarga. Wektu dina iki aku kepengin bakal ndedonga ana sak dhuwuring gumuk. Sira kabeh padha nyrantia ana sajroning prau. Mengko sawuse aku rampung ndedonga, sira kabeh bakal dak kanthi nyabrang telaga Genesaret.
- Murid : Inggih Gusti. Ngestokaken dhawuh.

*Srepeg Sanga, sirep. Pocapan*

Cinarita Sang Marteng Bawana nedheng minggah ing sawijining nggumuk, saperlu ndedonga mring Sang Rama. Nalika semana para murid nedheng tilem kepati ing sajroning prau ing pinggiring tlaga. Nanging karena kepati anggenira samya nendra, ngantya datan karasa lamun ponang prau katiyubing samirana, lumampah tumujeng madyaning tlaga. Saya santer... saya santer maruta kang anempuh ponang prau. Dadya montang-manting ing madyaning telaga.

*Iringan Gara-gara. Kapal terombang-ambing. Sirep, Pocapan.*

Nalika semana Gusti Yesus sigra mrepegi unggyaning para murid kanthi sukunira lumampah anapak warih. Mangkana para murid mangertosi glibeting priyagung napak sak nginggiling warih sigra marsapa jroning batos. “galo kang, ana memedi nekani awake dhewe. Kae lho.. memedine mlaku lumayang ing banyu”. Mijil pangandikanira Gusti Yesus “aja padha wedi, sing teteg atimu iki Aku”. Mangkana para siswa taksih nggadhahi raos ajrih jroning batos. Kawijil aturira Simon mring sang Guru “Guru, menawi menika leres panjenengan. Keparenga paring dhawuh supados kula ugi lumampah kanthi anapak toya.” “Iya, mrenea”. Wauta... kacarita Simon sigra mandhap saking prau anapakaken suku ing toya. Wit kersing Gusti lan golonging tekad satemah sang Simon amrepegi unggyaning sang guru kanthi anjangkah warih. Sejangkah, rong jangkah, telung jangkah, patang jangkah, limang jangkah. Riwusnya tebih saking prau, karaos ana

maruta kang aniyub, mendhelong manahira, gya pepes otot bebayunira, geter santer sukunira kekalih. Sigra dhawah kapidara, tinampenan ing astane Gusti Yesus.

*Sampak Sanga seseg. Sirep-Srepeg sanga.*

“Simon, Cupet temen pengandemu. Ya gene kok kowe mangu-mangu?”  
 “Kula ajrih Guru, Panjenengan punika saestu putranipun Allah”

*Yesus dan Murid2 pergi. Yudas menemui Imam2.*

Pthonos : Kakang Ponaeros. Tak waspadaake kok pirang-pirang dina kowe ora jenak lungguh. Saben mirsani cendhela, saben-saben nggresula sajak ana kang nguthawatirake. Apa kang mbok penggalih? Apa kamulyan kang mbok tanpa salawase kowe madeg dadi pangarsaning imam iki, isih kurang kakang? Coba sawangen, para kawula tansah sumuyud marang awake dhewe. Pisungsung kang awujud apa bae tansah diaturake marang aku klawan kowe. Banjur apa maneh kang mbok penggalih.

Ponaeros : Yayi Pthonos, kowe kuwi pancen ora ngerti, apa ethok ethok ora weruh? Coba sawangen ning jaba kana. Salawase Yesus isih madeg dadi guruning para kawula, aku klawan kowe kaya-kaya ancik-ancik ana sak pinggiring jurang. Waspadakna! Talitinen! Yesus luwih dipercaya dening para kawula tinimbang para imam. Yesus kuwi sapa? Mung anake wong tukang kayu wae kok bisa entuk atine para kawula. Yen perkara iki ora enggal dirampung, suwe suwe kamulyane awake dhewe bisa musna, ditampa dening wing desa sing aran Yesus.

Pthonos : Aku yha gumun. Ingatase mung sak cah desa. Lha kok nduweni pangaribawa kang ngedap-edapi. Bisa marekake wong lara, malah jare nangeake wong mati. Aku kelingan, nalika semana aku weruh dhewe dheweke marekake wanita kang lara pendharahan wus rolas tahun. Malah kepara Yesus paring pangapura marang dosane wanita kuwi?

Ponaeros : Piye? Ngapura dosa? Dheweke kuwi sapa? Kok wenang ngapura dosa? Apa dheweke kuwi Allah? Hem?

Pthonos : Yen miturut ujure gotek. Yesus kuwi mesias, Kristus ya putraning Allah.

Ponaeros : Sesat! Sesat! Asmaning sang Yehuwah wis diremehake dening Yesus. Yesus kudu dipateni!

Pthonos : Iya kakang. Tak pikir bener kandhamu. Saiki, piye carane supaya awake dhewe bisa antuk dalan nlikung lan mateni Yesus.

*Ada-ada*

Praptaning yudas Iskariot

- Yudas : Nuwun. Apa bener lamun iki papane sang imam kepala?
- Pthonos : iya bener. Kowe kuwi sapa? Lha kok ora duwe tata krama. Papan kene ki papan suci, pelenggahane para Imam. Lha kok kowe lanyo-lanyo lumebu tanpa idi palilahe para Imam.
- Yudas : Perkara tata krama ki ketemu mburi. Ditepungake aku Yudas Iskariot. Aku Muride Gusti Yesus.
- Ponaeros : Kowe muride yesus? Duwe karep apa kowe hem? Apakowe arep soroh nyawa hem? Jeleh urip kowe?
- Yudas : Yen pancene aku arep soroh nyawa. Nanging dudu nyawaku. Blaka suta wae, blak kotang terus terang. Yen aku bisa masrahake Gusti Yesus marang kowe. Apa sing mbok ganjarake marang aku?
- Pthonos : Hahahaha... Kaya-kaya sang Yehuwah midhangetake panyuwunku. Heh Yudas. Gedhe ganjarane tumrape wong kang bisa masrahake Yesus. Sak durunge aku kepengin takon. Apa sababe kowe masrahake Gustimu?
- Yudas : Tak pikir-pikir anggon ku dadi siswane Gusti Yesus kuwi ora ana paedahe, getun rasaning atiku. Wiwit aku dad siswane Gusti Yesus, aku dipercaya nyekel bandhane Gusti apadene para siswa. Bandha mau sithik mbaka sithik wis tak entekake kanggo senenging uripku dhewe. Nanging saya suwe bandhane saya entek. Mula gandheng wis ora ana maneh kang bisa dak alap saka Gusti Yesus lan siswa-siswane, dina iki Gusti tak pasrahake marang kowe. Watone kowe menahi aku prabea.
- Ponaeros : hahahaha... Yudas. Kowe ora bakal gela. Apa kang mbok tindaake iki sawijining tuimindak kang mulya, karena Yesus wektu iki dadi mungsuhe para Imam.
- Yudas : Mbuh ora weruh sing penting aku entuk dhuwit. Pira bageyanku?
- Pthonos : Saumpama kowe tak wenehi sepuluh sekel piye?
- Yudas : Sepuluh kuwi dhuwit apa? Hem? Nyawane mungsuhamu kok mung mbok ajeni sepuluh. Aku njaluk selawe.
- Ponaeros : Aku nek selawe ora duwe. Limolas
- Yudas : Selawe ya selawe.
- Pthonos : Pitulas
- Yudas : Selawe

- Ponaeros : Wolulas  
 Yudas : Selawe  
 Ponaeros : telungpuluh  
 Yudas : Na... dadi.  
 Pthonos : Goblok kowe. Wong kono njaluk selawe kok malah dinyang telungpuluh.  
 Ponaeros : Yawis rapapa kakang wong ya mong sepisan wae. Ben digaglak duwit telungpuluh sekel. Nyo Yudhas. Iki duwitmu tampanana.

*Ada-ada*

- Pthonos : Aja lali besuk yen ana wektu kang prayoga. Lapur maarang aku. Janji mblenjani, aja tako dosa.  
 Yudas : Ya.. aja sumelang dudu wataku mblenjani janji. Wis aku njaluk pamit.

*Sampak Sanga, semua pergi. Melambat suwuk pathetan manyura.*

*Pocapan*

Mangkana rohing iblis wus manjing ing manahira Yudhas Iskariot, satemah mentala anyidrani gurunira pribadi. Sinigeg gantya kang cinarita, ora kaya kang nedheng anglampahi bujana suci,

*Adegan Bujana Suci. Ldr. Gati Padasih*

- YESUS : Mengko ta sedulurku kabeh, mangertia lamun bujana kang dak tindaake bareng klawan sira kabeh iki minangka bujana kang pungkasan.  
 Simon : Wadhuh Bapa Guru Menapa sababipun paduka paring pangandika ingkang kados mekaten bapa?  
 Andreas : Menapa paduka mentala anilar putra-putra jengandika sedaya dhuh sang Guru..  
 Yesus : Mangertia, sejatine ing wengi iki salah sawiji ing antarane kowe bakal masrahake aku sedulurku.  
 Yohanes : Pawongan menika sanes kula ta bapa?  
 Simon : Ingkang masrahaken paduka sanes kula ta bapa?  
 YESUS : Dheweke kang bebarengan klawan aku nyelupake driji ing lepek iki, ya kuwi kang bakale masrahake aku.  
 Yudas : Pawongan menika rak inggih sanes kula nggih Robbi?  
 Yesus : Yudhas, sejatine sira wus ngandhaake dhewe. Mara gage sedulurku kabeh, padha samaptaa, bujana agung bakal sun wiwiti.

*Monggang. Dhandhanggula.*

- Yesus : Sedulurku kabeh, padha tampanana roti iki lan padha tumuli dipangan, marga iki raganingsun. Raga kan dikurbanake kanggo nglabuhi sira kabeh. Lan cangkir iki isine padha diombe, marga iki getihku, rahing prajanjen anyar kang asipat langgeng, kang tumetes minangka panebusing dosa.
- Murid2 : Inggih Bapa sampun kula tampi.
- Yesus : Lamun wus padha nampa, adicara iki kudu tansah sira tindaake mbesuke, minangka pepeling mring pangurbananingsun.
- Murid2 : Ngestoaken dhawuh Bapa.

*Udhar, Suwuk*

- Yesus : Mangertia para sedulur kabeh, menawa Cempening Allah bakal dikurbanake minangka panebusing dosa. Wektu dina iki kapitayanmu bakale owah sedulur. Kowe bakal padha mlayu, lan Aku bakale sira tinggal ijen tanpa rowang.
- Simon : Bapa, senadyan para kadang sami gonjing kapitayanipun, kula panggah badhe setya dhateng paduka. Senadyan sedaya sami nilar panjenengan, kula puguh, mboten badhe nilar paduka.
- Yesus : Heh sira Petrus, rungokna. Ing bengi iki uga, sak durunge jago kluruk, sejatine sira bakal nyidrani aku ganep kaping telu.
- Simon : Kula tansah setya kaliyan paduka Bapa. Kula boten badhe nyelaki panjengen. Senadyan parikedah pejah sesarengan. Badhe kula lampahi.
- Yesus : Tak kandhaake marang sira Petrus, sak durunge jago kluruk, sira bakal nyidrani aku kaping telu.... Yudhas, mara gage tindakna apa kang kudu sira tindakke. Mara sira kabeh tutna laku jantraku marang taman Getsemani.

*Yesus dan murid-murid pergi ke getsemani.**Pocapan*

Yesus lan para siswane wus prapteng taman Getsemani, tengahing wengi sangsaya sepi. Mangkana para murid tan ana kang ngalisik labet wus kepati denira samya guling. Marambah kaping tiga naggenira sujud ing ngarsanira kang rama. Cinarita nalika semana, Gusti Yesus kang minangka dadi Saliraning Allah pribadi, wus wuninga lamun sakedhap malih parikedah seda sinalib, minangka panebusing dosa wong sabawana. Eling-eling Gusti Yesus iku Allah kang asipat manungsa, pramila tan mokal lamun anggadhahi raos ajrih kadi sipating titah sawantah. Wit

ajrihing penggalih, ngantya brol ponang riwe, tumetes ponang waspa. Saking ajrihing galih, Sri Yesus ngantya netesaken waspa kang awujud ludira, kawijil aturira mring Rama ing suwarga.

Yesus :Dhuh rama.. Rama, sanes pangreka kula ingkang dumados, namung Rancangan Paduka ingkang dumados. Pakaryan Suci enggal kawiwitana.

*Adegan yesus, Yakobus, Yohanes, Petrus*

Yakobus : Nyuwun pangapunten Guru. Salamipun paduka ndedonga, kula sakanca sami tilem kepati.

Yesus : Apa kowe kabeh ora bisa melek? Senadyan mung sakjam. Padha tangia, sabab dheweke kang bakal masrahake aku wus prapta. Praptaning Yudas Iskariot.

Yudas : Guru, sampun dados kagyating penggalih, kula ingkang sowan.

Yesus : Aku ora kadet Yudas, pancen iki wus wayahe kowe nindaake kabeh pakaryanmu.

Yudas : Malkhus

Malkhus : Ana apa Yudas?

Yudas : Rak bener ta kandhaku? Lamun wengi iki Gustiku Yesus mapan ana taman getsemani kene. Suasana kang sepi, tur adoh saka wong akeh. Kaya-kaya iki papan kang prayoga kanggo nlikung Gusti Yesus. Wis wektu iki Gusti Yesus gawanen marang mara mam ing bait Allah.

Simon : Yudas... Laknat tumindakmu!! Aja mbok kira aku ora ngerti, lamun kowe kuwi panuksmaning jajalaknat.. wiwit biyen kowe dipercaya nggulawenthah bandhane murid2, malah mbok enteke kanggo senengmu dhewe. Jebul saiki dadi pengkhianat kowe..

Yudas : Mbuh ora idhep. Wis Malkhus, enggala tumandang.

Malkhus : Hahaha Yesus. Wektu dina iki kelakon kowe dadi bandane para imam.

Simon : Keparat!

*Malkhus maju, Simon menyerang telinga malkhus.*

Yesus : Heh Simon Petrus. Sarungna pedhangmu. Sabab sapa sing seneng nganggo pedhang, bakale mati saka pedhang.

Simon : Kula nyuwun pangapunten Gusti.

- Yesus : Apa mbok kira aku nora bisa nyuwun marang ramaKu supaya ngutus prajurit Suwarga supaya ngrewangi aku? Mangertia, kabeh iki dumadi awit saka kersane RamaKu. Prajurit, aku kang njalukake pangapura tumrap tumindake muridKu.
- Malkhus : Adhuh kupingku... kupingku
- Yesus : Aja sumelang, Aku kang saguh nambani talinganmu.

*Ada-ada*

Cinarita, sinambi ngandika mring petrus, astanira Sri Yesus gya amendhet talinganira malkhus kang wus tumebeng bantala. Wit agenging katresnanira mring malkhus, gya anjawat talinganira sang Malkhus dadya pulih kaya wingi uni.

*Ada-ada*

- Yudas : Heh.. prajurit.. aja kesuwen. Yesus enggal dibanda!!

*Prajurit menangkap Yesus. Dientas. Sirep.*

- Simon : Sawangen! Waspadakna! Piyambake kang bakal mbok pidana, malah kepara marekake kupingmu? Coba rasakna.. Apa kowe ora ngrasaake katresnane marang kowe? Hem??

*Simon dan Malkhus dientas.*

Cinarita Sang juru Pamarta seneret mring para prejurit. Kadi sipating menda, sineret kadi arsa pinaragat. Kocap kacarita, bubar mawut para siswa awit ajrih mring pidananing para Imam. Ana kang mlayu ngetan, ngulon, ngalor, ngidul, sedaya samya mbujung kslametaning dhiri pribadi. Mangkana kanton Simon petrus kang tansah amulat kang Guru saking katebihan. Mulat kang Guru siniksa, angganira Sri Yesus sakojur nandhang brana biru, erem akekuthah ludira. Warna-warna tindaking pamialara, ana kang ndugangi ana kang menthungi, ana kang njotosi, saweneh ana kang ngidoni. Kocap, saya santer para prajurit anggenira ndugangi.. saya kekes jroning batos sang Simon Petrus. Saya tanpa welas anggenira para prajurit ndhawahaken pamilara, saya mendhelong rasanira Petrus. Mulat Gusti Yesus wus tatu arang kranjang, rahnya mili mancur kadi tan ana andhege... tumpes kekes kasetyaning batos.... Ajur mumur ponang watu karang. Geter santer sukunira kekalih, kawijil panggresahira “Aku wegah mati”

*Petrus melarikan diri. Adegan api unggun*

- Simon : Nuwun nyisanak. Menapa kula angsal tumut ngangetaken badan wonten ing mriki.

- Wanita : Mengko dhisik ta? Kowe kuwi rak muride Yesus, pawongan kang bakale disalib kae ta?
- Simon : Boten... Panjenengan menika ngandika menapa? Kula.. Kula mboten tepang kaliyan piyantun ingkang kapidana menika. (sambil pergi)
- Pria1 : Kosik.. mandheg. Aku kaya wanuh karo kowe. Kowe ki wong Galilea. Rak hiya ta? Kowe salah sawiji muride Yesus. Hiya apa ora?
- Simon : hahahaha. Kowe ki ngucapa apa sedulur? Aku oara mudheng apa kang mbok karepake. Aku babar pisan ora wanuh marang wong kae. (sambil menjauh)
- Pria2 : Aku kaya-kaya wus nate ngerti kowe bebarengan karo Yesus. Kowe muride Yesus. Yha.. aku kelingan karo kowe
- Simon : Shh..shh.. Aku dudu wong kang mbok karepake. Aku ora wanuh karo Yesus. Dheweke kuwi apa? Aku ora wanuh.

Pocapan

Mangkana Sang Petrus datang angakeni Gustininira ganep kaping tiga. Sigra kapireng kluruking jago ing wanci Subuh. Simon Petrus gya kemutan mring pangandikanira sang guru ” Petrus, sakdurunge jago kluruk, kowe bakal nyidrani aku ganep kaping telu”.

Petrus : Adhuh Guru!!

*Petrus jatuh lari. Menyesal. Bertemu Maria dan Yohanes*

- Simon : Dhuh ibu... Kula dosa. Kula dosa ibu. Kula sampun nyidrani Gusti.. Kula dosa ibu.. jebul kula menika pengecut ibu.
- Maria : Ngger Simon.. ora dadi ngapa. Pancen wis dadi kersane Rama ing swarga, lamun Yesus iku kudu pinatrapan pidana. Kowe ora luput ngger. Kowe ora luput.
- Yhohanes : Iya kakang Simon. Kabeh mau wis dadi Kersane Allah Rama.

Salib... salib..salib..

*Adegan salib.*

*Pocapan*

Mangkana cinarita, wit tresnaning Allah mring para titaha.... satemah putrane kang kinasih ya sang Yesus kasalibake, kinodrat minangka panebus dosaning jagad. Sok sintena ingkang percaya bakal nampa kanugrahan gesang langgeng.

- Yesus :Eli... Eli... Lamakhsabakhtani.... Dhuh rama.. ing asta paduka kula pasrahaken nyawa kawula. Pakaryanku wis rampung.

### Pocapan

Mangkana, midhanget pangandikanira sang Juru Panebus, jagad petheng dhedhet lelimengan. Pratanggapati tan arsa sumunar, sru krodhaning angin garudha. Ing antariksa kapyarsa swara jumejlur anggegeteri. Bumi lir ginenjot, gunung jugrug, mangka pakurmataning jagad mring Yesus kang wus prapteng alam pelimengan. Cinarita gancanging carita. Riwusnya manjing alam maut, lan ngasorake panguwasaning maut. Gusti Yesus sigra wungu malih ing dina kang kaping tiga.

### Candhakan Danau Tiberias

Yesus : Kisanak. Apa kowe wis entuk iwak.  
 Simon : Waa... aku durung entuk iwak. Wis pirang-pirang jam aku nyebar jala nanging ora ana iwak sawiji sing takcekel. Minggira aja ngregon-ngregoni.  
 Yesus : Mara gage tibakna jalamu ing sisih tengen prahu. Mbok menawa kowe bisa entuk iwak.  
 Simon : Wis tak coba mau ning ora ana kasile.  
 Yesus : Cobanen pisanan mbok menawa wektu iki kowe entuk iwak.  
 Simon : Ya tak cobane.  
 Simon menjala mendapatkan banyak ikan, pocapan.

Mangkono Simon Petrus sigra mituhu dhawuhing pawongan kang mapan ana sebranging telaga. Datan uninga lamun iku Yesus kang wus wungu saking seda. Sigra nyebar jala, kadadak jalane Petrus kebak ing iwak. Mangkana gya kemutan. Prayitna risang Petrus mangerti lamun pawongan iku dudu wong liyan ing bebrayan, nanging iku gurune ya Sri Yesus Sang Pamarta.

Simon : Waaa.. Guru.  
 Sampak seseg  
 Yesus : Simon Petrus. Apa kowe tresna marang Ingsun, luwih saka katresnane wong liya marang Ingsun?  
 Simon : Dhuh Gusti. Kasinggihan. Paduka mangertos bilih kula tresna dhumateng paduka.  
 Yesus : Lamun mangkono, angonen wedhus-wedhusku. Simon anak Yohanes, apa kowe tresna marang Ingsun?  
 Simon : Dhuh Gusti. Kasinggihan. Paduka mangertos bilih kula tresna dhumateng paduka.  
 Yesus : Lamun mangkono, angonen wedhus-wedhusku. Simon anak Yohanes, apa kowe tresna marang Ingsun?

- Simon : Guru. Paduka mangertos sedaya ingkang mapan wonten lebeting manah kula. Langkung-langkung Paduka temtu pirsna menawi kula tresna kaliyan panjenengan.
- Yesus : Wiwit dina iki. Sira Sun dadekkake pangoning wedhus-wedhusku.
- Simon : Dhuh Gusti. Maturnuwun Gusti. (Sambil memeluk).

*Adegan terakhir Mujio, Tentrem, dan Rehan*

- Mujio : Nah.... dadi ngono kuwi ceritane Simon Petrus. Bune... Bune... Han.. Rehan.
- Rehan : Wonten dhawuh.
- Mujio : Dadi wis cetha critane Simon Petrus ngono kuwi mau.
- Rehan : Nggih.. kula sampun cetha Rama. Dados kula taksih wonten kesempatan kangge bertobat.
- Mujio : He'em.. sing penting ki mertobat. Dadi bedane antarane Yudas karo Simon ki, Yudas ora ngakoni keluputane malah saya lumebu ing juranging pepeteng. Nanging Simon Petrus kuwi ngakoni keluputane. Gusti Yesus ki wis nebus dosamu, tugasmu ki mung kari ngakoni keluputanmu nganggo lambemu, nganggo mulutmu tumus saka atimu.
- Rehan : Inggih... Maturnuwun Rama. Sakmenika kula sampun tobat.
- Mujio : Wis, aja dibacutke le ning perusahaan rekaman. Sesuk gawe channel youtube dhewe mbok menawa bisa monetisasi.
- Rehan : Nggih.. ngestokaken dhawuh.
- Mujio : Bune.. ngono kuwi mau lho. Wis rampung critane. Wis mudeng rung... Bune..
- Tentrem : Ee..... ee... ee... wonten napa (sambil mengelap iler)
- Mujio : Dicitani ngaya malah ngeces.
- Tentrem : Le crita rong jam punjul.
- Mujio : Kencane rong jam, dadi rong jam punjul. Berarti ya tak murahita.
- Tentrem : Nggih pun.. maturnuwun.. wis cetha ya le?
- Rehan : Sampun ibu.. sampun cetha. Kula badhe mertobat. Wiwit dinten menika kula mboten badhe nyelaki asmane Gusti.
- Mujio : Iya.. wis.. ayo dilanjutke kegiatane dhewe-dhewe. Trus disambung crita sakbanjure. Gusti Yesus tasah paring berkah marang aku klawan kowe. Slamet kabeh, slamet sing nabuh, slamet sing mayang, slamet sing nanggap, slamet sing ditanggap. Slamet kabeh sing mirsani wayang Pamarta. Sehat kabeh sumulur rejekine, gampang golek rejeki. Adohna saka

sakit penyakit, ekonomine bisa pulih bisa bangkit kabeh dadi berkat siji klawan sijine. Yoo pamit yo..



**LAMPIRAN II**  
**NOTASI KARAWITAN PAKELIRAN WAYANG**  
**PAMARTA LAKON KATRESNAN-KU TANPA WATES**

**TALU**

Lcr  $\frac{3}{4}$  Parisuka

2 3 5    2 3 5    2 3 5    6 5 (3)

3 5 6    3 5 6    3 5 6    5 3 (2)

Beralih ke Ladrang Cahya Bawana

6 2 6 2    3 5 6 5    3 5 6 5    2 1 2 6

5 6 5 6    2 1 2 3    6 1 2 3    1 6 1 (2)

Lanjut Ayak Talu

**OPENING.**

Ktw. Endahing Seduluran

Omp [ : .123 5321 6532 .12(6) : ]

Vokal [ : 5356 3561 3̇2̇1̇2̇ .i2̇(6)

2̇3̇2̇1̇ 6523 i2̇1̇6 353(2)

5321 6523 6532 .12(6) : ]

Rehan Datang, Lcr. Lagu Bingah

. 6 . 1 . 2 . 3 . 5 . 6 . i . (2)

. i . 2 . 6 i 2 . i 6 5 . 6 . (1)

. 6 . 5 . . . . . 3 . 2 . 3 . (1)

. 6 . 1 . 2 . 1 . 5 . 3 . 2 . (1)

. 5 . 6 . i . 2 . i . 2 . i . (1)

Mujio Cerita

[ : 5 5 5 5 4 4 5 5 2 2 2 2 1 1 5 (5) : ]

*Sirep.... Kapal Tampil Lancaran Tropongan*

[ : 2165 2165 . 656 123(2) 3123 5653 5653 232(1)

5321 5321 2312 356(5) 6356 7576 5424 216(5) : ]

*Seseg--- Suwuk Gropak.. Dialog*

*Simon, Yakobus. Yohanes pergi... SREPEG NEM*

*Yesus dan Simon pergi..... Lancaran Haleluya (5)*

Ompak

[ : 6565 232(1) 2121 213(2) 3232 356(5) : ]

Vokal

6565 232(1) 2121 213(2) 3232 356(5)

6565 652(1) 2121 653(2) 3232 316(5)

*Seseg.....Jadi Srepeg Nem.. Sirep.... Pocapan*

*Jala ikan Penuh..... SAMPAK NEM....*

*Yesus, Simon, Yohanes pergi...* **Lancaran Budayakan Cinta**

Buka Bonang 6 6535 .6.3 .2.①

Ompak [ : .21. 1235 65653 .2.① ] 2X

Vokal .5.6 .1.2̇ .5.3 .2.③

.2.1 .2.3 .1.2 .3.⑤

.1.2̇ .1.6 .5.6 .1.②

.3.2̇ .1.2̇ .1.6 .5.③

...3 .2.3 .5.1 .2.③

...3 .2.3 .2.1 .2.①

...4 .5.4 .3.4 .5.④

.3.4 .5.6 .5.3 .2.①

.3.5 .6.5 .6.3 .2.①

Tuhan Yesus Menyembuhkan orang sakit

SREPEG / SAMPAK sesuai kebutuhan...

Orang Kusta Sembuh... SAMPAK NEM

Orang Buta Sembuh... SAMPAK NEM

**Ldr. Penandhang Iku Endah**

Buka 523. 6532 7732 .75⑥

Omp 2723 2756 2723 6567

567. 2353 6532 .75⑥

Vokal .3̇.2̇ 6567 .3̇.2̇ 6356

.356 3567 6523 275⑥

Duga dan Prayoga Keluar...

Lagu Isian

**TUHAN BENTENCKU**

Buka .2.1 .2.1 .2.3 .2.①  
 Omp .6.5 .6.5 .2.3 .6.⑤  
 .6.1 .2.1 .6.3 .5.⑥  
 .3.5 .6.5 .3.1 .2.③  
 .2.1 .2.1 .2.3 .2.①

**ADEGAN YESUS DAN MURID-MURID**

Ldr. Lipur Jati

Buka . . . 2 2165 .612 .16⑤  
 A .612 1645 .612 1645  
 3365 3216 5612 .16⑤  
 B .612 1645 33.. 2123  
 .323 5653 .323 212①  
 .3.2 .165 .42. 2465  
 .42. 1645 .612 164⑤

*Yesus dan Murid Pergi SREPEG SANGA..... Naik Kapal.... Sirep.*

*Badai Besar.... Sampak Gara-Gara Slendro* kt .d d ①  
 3231 3231 3231 323⑤ 7675 7675 7656 542①  
 .51. 5151 . . . 1 .11⑤ ..75 ..75 75.. 323①  
 1111 555⑤ 5555 111①

*Sirepan Pocapan* [: 2222 1111 6666 555⑤ :]*Simon Jatuh... Sampak Kalasinema*

[: 5555 4455 2222 115⑤ :]

*Yesus menangkap Simon.... Sirep Dialog... Udhar*

**ADEGAN IMAM SAN HERDIN**

Ladrangan Imbal Yogjan

3231 3635 3632 363(5) 3632 3635 3231 363(5)

*Imam Hanas Pergi... SAMPAK SANGA  
Peralihan Manyura***ADEGAN PERJAMUAN KUDUS**

LADRANG PAMUJI ALLAH

Bk Bonang 2 2765 .756 765(3)

[: .563 5676 2765 .756 567. 7653 .675 .3.(2)

.22. 2327 672. 2327 .3.2 .765 .756 723(2)

.22. 2327 672. 2327 .3.2 .765 .756 765(3):]

*Suwuk**Tuhan Yesus Pergi ke Taman Getsemani.... SREPEG (2)*

[: 3232 6532 3563 235(6) 3567 676(7) 5676 353(2):]

*Sirep.... Yesus Berdoa.... Udhar...**Simon dan Malkhus perang... SAMPAK MANYURA**Yesus Menyembuhkan Malkus ADA-Ada**Yesus ditangkap.. SAMPAK PANCER [: 6666 666(2) :]**Sirep CEP..... SREPEG MANYURA / Barang**Sirep... Pocapan Simon Ketakutan SAMPAK MANYURA**Sirep jadi srepeg menyuri...Simon bertemu wanita..SAMPAK**Sirep jadi srepeg menyuri...Simon bertemu Pria 1..SAMPAK**Sirep... Pocapan... Ayam berkokok... Simon Jatuh....**SAMPAK URUT [: 6666 5555 3333 222(2) :]***ADEGAN TEPI PANTAI***SAMPAK /SREPEG MANYURA sesuai kebutuhan**Yesus bertemu Simon.... PANYUWUNAN (Vokal Kemanak)**Yesus Berkata "Angonen Wedhus2Ku"*

SAMPAK MANYURA

**ADEGAN MUJIO****TANCEP KAYON**


**LAMPIRAN III**  
**DAFTAR PEDOMAN PERTANYAAN UNTUK**  
**WAWANCARA KEPADA PENONTON**

**Identitas**

- a. Nama lengkap : .....
  - b. Umur : .....
  - c. Jenis kelamin : laki-laki/perempuan (coret salah satu)
  - d. Pekerjaan : .....
  - e. Asal gereja : .....
1. Sebelum menonton pertunjukan wayang Pamarta ini, apakah Anda pernah menonton pertunjukan wayang pada umumnya? (lingkari salah satu)
    - a. Belum pernah
    - b. Sudah pernah

Jika sudah pernah, jenis wayang apa yang sudah pernah Anda lihat dan berapa kali?  
*Jawab:*.....
  2. Apakah Anda pernah menonton pertunjukan wayang Kristiani sebelumnya? (lingkari salah satu)
    - a. Belum pernah
    - b. Sudah pernah
  3. Apakah Anda suka/senang dengan pertunjukan wayang? (lingkari salah satu)
    - a. Suka. *Berikan alasannya:*.....
    - .....
    - b. Tidak suka. *Berikan alasannya:*.....
    - .....
  4. Bagaimana pendapat Anda setelah menonton pertunjukan wayang Pamarta?  
*Jawab:* .....
  5. Bagaimana pendapat Anda tentang penyampaian nilai Kristiani melalui pertunjukan wayang Pamarta?  
*Jawab:* .....
  - .....

6. Dalam menangkap nilai Kristiani lebih mudah melalui media yang mana? (lingkari salah satu)
  - a. Pertunjukan wayang. *Berikan alasannya:*.....  
.....
  - b. Khotbah. *Berikan alasannya:* .....  
.....
  - c. Khotbah dan pertunjukan wayang. *Berikan alasannya:* .....  
.....
7. Apa pesan moral yang dapat Anda tangkap setelah menonton pertunjukan wayang Pamarta?  
*Jawab:* .....  
.....
8. Menurut Anda, nilai-nilai apa saja yang terkandung dalam lakon *Katresnan-Ku Tanpa Wates*?  
*Jawab:* .....  
.....





**LAMPIRAN IV SAMPEL TANGGAPAN PERTUNJUKAN  
WAYANG PAMARTA OLEH INFORMAN**

Asal gereja = Gereja Bethany Solo  
Pasar Legi.

KUISIONER PERTUNJUKAN WAYANG PAMARTA  
LAKON "KATRESNAN-KU TANPA WATES"  
DALANG: KI WAHYU DUNUNG RAHARJO

Identitas

- a. Nama lengkap : Eka Kristiana Palupi  
b. Umur : 18 th  
c. Jenis kelamin : laki-laki/perempuan (coret salah satu)  
d. Pekerjaan : Freelance EMJI PAS

1. Sebelum menonton pertunjukan wayang pamarta ini. Apakah Anda pernah menonton pertunjukan wayang pada umumnya? (pilih salah satu)

a. Belum pernah

b. Sudah pernah

Jika sudah pernah, jenis wayang apa yang sudah pernah Anda lihat dan berapa kali?

Jawab: wayang klitik, menonton ke - 4 kalinya.

2. Apakah Anda pernah menonton pertunjukan Wayang Kristiani sebelumnya? (pilih salah satu)

a. Belum pernah

b. Sudah pernah

3. Apakah Anda suka/senang dengan pertunjukan wayang? (pilih salah satu)

a. Suka. Berikan alasannya: Sebagai wujud apresiasi diri di era milenial, untuk memperoleh hiburan dan turut menjaga dan mendukung kelastarian eksistensi wayang kulit di Indonesia.

b. Tidak suka. Berikan alasannya:

4. Bagaimana pendapat Anda setelah menonton pertunjukan wayang pamarta?

Jawab: seru, sebagai upaya literasi dan mentransformasikan wayang untuk lebih diminati kaum milenial. sepertinya segera disajikan pertunjukan pendek, tujuannya menghilangkan kesan wayang yang kuno dan membuat penonton suka.

5. Bagaimana pendapat Anda tentang penyampaian nilai Kristiani melalui pertunjukan wayang pamarta?

Jawab: membantu umat rohani saudara seiman dan memberi edukasi tentang seni budaya dalam bentuk penyampaian wayang pamarta.

6. Dalam menangkap nilai Kristiani lebih mudah melalui media yang mana? (pilih salah satu)

a. Pertunjukan wayang. Berikan alasannya: *menjadikan beda suasana dalam beribadah, dan mudah dimengerti, tidak membuat bosan para anak-anak kristiani.*

b. Khotbah. Berikan alasannya: .....

c. Khotbah dan pertunjukan wayang. Berikan alasannya: .....

7. Apa pesan moral yang dapat Anda tangkap setelah menonton pertunjukan wayang pamarta?

Jawab: *wayang mempunyai watak dan karakter yang bervariasi dan menggambarkan tentang kehidupan manusia jadi suka mempelajari wayang pamarta.*

8. Menurut Anda, nilai-nilai apa saja yang terkandung dalam lakon *Katresnan-Ku Tanpa Wates*?

Jawab: *terdapat nilai etika, estetika, religius, solidaritas dan edukasi tentang seni budaya dalam rohani saudara seiman.*

Asal gereja = - - - - -  
GUPDI Kartasura.

KUISIONER PERTUNJUKAN WAYANG PAMARTA  
LAKON "KATRESNAN-KU TANPA WATES"  
DALANG: KI WAHYU DUNUNG RAHARJO

Identitas

- a. Nama lengkap : Selvi Tri Hapsari  
b. Umur : 29  
c. Jenis kelamin : laki-laki/perempuan (coret salah satu)  
d. Pekerjaan : Swasta (Kartawan)

1. Sebelum menonton pertunjukan wayang pamarta ini. Apakah Anda pernah menonton pertunjukan wayang pada umumnya? (pilih salah satu)
- a. Belum pernah  
 b. Sudah pernah  
Jika sudah pernah, jenis wayang apa yang sudah pernah Anda lihat dan berapa kali?  
Jawab: Wayang Purwa, W. Wahyu, Wayang Golek, W. Orang.
2. Apakah Anda pernah menonton pertunjukan Wayang Kristiani sebelumnya? (pilih salah satu)
- a. Belum pernah  
 b. Sudah pernah
3. Apakah Anda suka/senang dengan pertunjukan wayang? (pilih salah satu)
- a. Suka. Berikan alasannya: karena pertunjukan wayang memiliki nilai moral yang bisa kita pelajari dalam kehidupan.  
b. Tidak suka. Berikan alasannya:
4. Bagaimana pendapat Anda setelah menonton pertunjukan wayang pamarta?  
Jawab: pendapat saya setelah menyaksikan pertunjukan W. Pamarta adalah:  
Pertunjukan ini sangat menarik karena kisah-kisah Alkitab diceritakan secara langsung. Selain itu, tentu sangat memudahkan masyarakat kristiani yang mendalami kisah Alkitab.
5. Bagaimana pendapat Anda tentang penyampaian nilai Kristiani melalui pertunjukan wayang pamarta?  
Jawab: Sangat baik, karena masyarakat kristiani semakin mudah menyerap firman Tuhan. Media pewartan injil yang sangat inovatif.

6. Dalam menangkap nilai Kristiani lebih mudah melalui media yang mana? (pilih salah satu)

a. Pertunjukan wayang. Berikan alasannya: .....

.....  
.....  
.....  
.....  
.....

b. Khotbah. Berikan alasannya: .....

.....  
.....  
.....  
.....  
.....

c. Khotbah dan pertunjukan wayang. Berikan alasannya: .....

~~Karena jika khotbah disampaikan di tengah-tengah gereja pada saat itu bukanlah.~~  
Keduanya memiliki keistimewaan masing-masing. Khotbah diperlukan untuk membangun iman para jemaat. Wayang juga sangat bisa, namun tidak semua jemaat dapat menemukan pertunjukkan WP. Secara langsung/daring.

7. Apa pesan moral yang dapat Anda tangkap setelah menonton pertunjukan wayang pamarta?

Jawab: Bahwa kasih Tuhan tak terbatas kuasanya mampu memberi mujizat y/ setiap orang percaya.

.....  
.....  
.....

8. Menurut Anda, nilai-nilai apa saja yang terkandung dalam lakon Katresnan-Ku Tanpa Wates?

Jawab:   
→ ~~Kasih~~ Tuhan mengasihani umat manusia selama  
→ berpegang teguh pada iman kepada Tuhan.  
→ Tuhan kasih tanpa memandang or sekalipun Tuhan selalu disalahi oleh Ciptaan-Nya. Kasih Nya tak pernah usai.

.....  
.....

Asal gereja = Paroki ST. ALOYSIUS MOJOSAWENGO

KUISIONER PERTUNJUKAN WAYANG PAMARTA  
LAKON "KATRESNAN-KU TANPA WATES"  
DALANG: KI WAHYU DUNUNG RAHARJO

Identitas

- a. Nama lengkap : ANGGAM NAPITUALU  
b. Umur : 22  
c. Jenis kelamin : laki-laki/~~perempuan~~ (coret salah satu)  
d. Pekerjaan : MAHASISWA

1. Sebelum menonton pertunjukan wayang pamarta ini. Apakah Anda pernah menonton pertunjukan wayang pada umumnya? (pilih salah satu)

- a. Belum pernah  
b. Sudah pernah

Jika sudah pernah, jenis wayang apa yang sudah pernah Anda lihat dan berapa kali?

Jawab: Wayang kulit, wayang orang, wayang wahyu  
Kurang lebih 10 kali

2. Apakah Anda pernah menonton pertunjukan Wayang Kristiani sebelumnya? (pilih salah satu)

- a. Belum pernah  
 b. Sudah pernah

3. Apakah Anda suka/senang dengan pertunjukan wayang? (pilih salah satu)

- a. Suka. Berikan alasannya: sebetulnya, pertunjukan wayang yang saya tonton sejauh ini memiliki cerita yang padat, menarik, dan menggunakan bahasa jawa yang relatif mudah dimengerti, ada campuran bahasa Indonesia dan beberapa  
b. Tidak suka. Berikan alasannya:

4. Bagaimana pendapat Anda setelah menonton pertunjukan wayang pamarta?

Jawab: Saya sangat tertarik melihat hasil proses kreatif di balik pembanta tiap kisah di wayang pamarta. Hasil tersebut terdapat pada pertunjukan yang biasanya selalu baik secara cerita dan humoris dengan detail rumit yang terdapat pada permainan gendak dan eksplorasi vokal.

5. Bagaimana pendapat Anda tentang penyampaian nilai Kristiani melalui pertunjukan wayang pamarta?

Jawab: Sangat baik dari kata memboakan dan tidak kehilangan esensi. Wayang pamarta membuka potensi penyampaian nilai Kristen dengan sumber Alkitab yang relatif sudah banyak menggunakan cara yang lebih kaya dan sederhana untuk dikomersi.

6. Dalam menangkap nilai Kristiani lebih mudah melalui media yang mana? (pilih salah satu)

a. Pertunjukan wayang. Berikan alasannya: Sebenarnya seluruhnya tergantung cara penyampaian dalam hal ini yang paling utama adalah penggunaan bahasa. Saya memilih pertunjukan wayang karena saya melihat cara ini lebih fleksibel sehingga memungkinkan penyajian secara lebih kreatif. Ketertarikan khotbah menurut saya adalah interaksi yang lebih minim antara penyampai pesan dengan umat, sedangkan pertunjukan wayang memunculkan unsur dan teknik khotbah dengan lebih santai dan memancing interaksi yang lebih

b. Khotbah. Berikan alasannya: .....

c. Khotbah dan pertunjukan wayang. Berikan alasannya: .....

7. Apa pesan moral yang dapat Anda tangkap setelah menonton pertunjukan wayang pamarta?

Jawab: Pasrah kepada Tuhan dan menjadi tahir untuk merobah berset.

8. Menurut Anda, nilai-nilai apa saja yang terkandung dalam lakon *Katresnan-Ku Tanpa Wates*?

Jawab: Keimanan, kepercayaan, kesetiaan, ketuhanan

## BIODATA PENULIS



### A. Identitas Diri

1	Nama	Seruni Widawati
2	Tempat tanggal lahir	Wonogiri, 5 Maret 1998
3	Alamat Rumah	Jl. Garuda No.198 Gejayan, Condongcatur, Kec. Depok, Kabupaten Sleman, Daerah Istimewa Yogyakarta.
4	Alamat Email	<a href="mailto:brigitaseruni016@gmail.com">brigitaseruni016@gmail.com</a>

### B. Riwayat Pendidikan

No	Nama Sekolah	Alamat Sekolah	Tahun Lulus
1	SD Negeri Condongcatur	Jl. Kaliurang Km. 6,5, Condongcatur, Kec. Depok, Kabupaten Sleman, Daerah Istimewa Yogyakarta.	2010
2	SMP Negeri 1 Depok	Jl. Sonokeling No.5, RW.2, Gejayan, Condongcatur, Kec. Depok, Kabupaten Sleman, Daerah Istimewa Yogyakarta.	2013
3	SMK Negeri 8 Surakarta	Jl. Sangihe, Kepatihan Wetan, Kec. Jebres, Kota Surakarta, Jawa Tengah.	2016
4	S-1 - Seni Pedalangan Institut Seni Indonesia Surakarta	Jl. Ki Hajar Dewantara No.19, Jebres, Kec. Jebres, Kota Surakarta, Jawa Tengah.	2020